



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENVESTISMAN BIDJETÈ POU SIPÒTE TRAVAYÈ YO AK RANN NEW YORK PI ABÒDAB

Bidjè Ane Fiskal 2024 la ogmante salè minimòm a 16 dola nan rejyon Nò yo, lye ogmantasyon salè fiti yo ak enflasyon an

Ajoute 391 milyon dola pou Pwogram Asistans Lwaye Ijans New York la pou sipòte plizyè milye lòt lokatè ak fanmi, enkli rezidan lojman piblik yo ak benefisyè bon Seksyon 8 la

Elaji Kredi pou Timoun Empire State la pou timoun ki poko gen kat ane, pou sipòte prèske 630,000 lòt timoun

Gen ladann mezi klimatik k ap mennen nan nasyon an ki bay pwoteksyon travay ak akò travay pou pwojè yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou envestisman Bidjetè pou Ane Fiskal 2024 la pou sipòte travayè yo nan rejyon Lwès New York epi fè eta vin pi abòdab. Bidjè a gen ladan envestisman pou abòde kriz abòdabilite a lè li ogmante salè minimòm nan nò eta a 15 dola pa èdtan an 2024, ak yon ogmantasyon 0.50 dola anyèl an 2025 ak 2026 k ap swiv li epi lye ogmantasyon fiti yo ak Endis Pri Konsomatè yo; elaji Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) pou sipòte plizyè milye lòt lokatè, ki gen ladan rezidan lojman piblik yo ak moun k ap benefisyè bon Seksyon 8 yo; amelyore Empire State Child Credit pou kouvri timoun ki poko gen kat ane; epi sipòte travayè ekonomi vèt New York yo. Gouvènè Hochul te rankontre ansanm ak lidè travay òganize yo ak ofisyèl eli lokal yo nan anons jodi a.

"Travay nan ADN mwen - se poutèt sa mwen priyorize envestisman istorik nan Bidjè mwen an pou sipòte travayè isit la nan Lwès New York ak atravè Eta a, pandan y ap abòde chète lavi k ap ogmante a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa yo pral asire fanmi New York yo ka jwenn aksè ak djòb, gadri ak resous yo bezwen pou yo pwospere, epi nou p'ap janm fayi nan efò nou pou nou bati yon New York ki pi bon pou moun viv epi ki pi abòdab."

Chète lavi pou fanmi k ap travay nan Eta New York te ogmante anpil nan ane sa a sèlman. Yon dènye rapò Fondasyon Ford te jwenn ke 50 pousan nan tout Nouyòkè ki

gen laj travay ap lite pou yo peye bezwen debaz yo. Nouyòkè Latino, Nwa ak imigran yo, ansanm ak kay ki gen timoun yo, yo afeke yon fason ki pa pwopòsyonèl akòz ogmantasyon chète lavi a. Kòm repons, Gouvènè Hochul te goumen pou aplike mezi transfòmatif nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la pou bay Nouyòkè yo sekirite ekonomik.

Inisyativ transfòmatif ak investisman ki enkli nan Bidjè a pou sipòte travayè yo epi fè New York vin pi abòdab genyen ladan yo:

- Ogmante salè minimòm New York a 16 dola pou chak èdtan nan nò eta a ak 17 pou chak èdtan nan sid eta a disi 2026, answit lye ogmantasyon salè fiti yo ak lye li ak mwayèn mobil sou twazan nan kad CPI-W pou Rejyon Nòdès la - pi bon mezi rejyonal pou enflasyon - pou asire chèk peman Nouyòkè yo reflekte ogmantasyon chète lavi a.
- 391 milyon dola nan Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans New York la pou sipòte plis lokatè ak fanmi yo, ki gen ladan rezidan lojman piblik yo ak moun k ap resevwa bon Seksyon 8 federal yo
- Investi 50 milyon dola pou yon Fon Stabilizasyon Pwopriyete Kay pou finansse reparasyon kay nan 10 kominote atravè eta a ke yo te idantifye kòm kote ki gen pwopriyete koulè ki gen revni fèb ak pwopriyete ki an detrès ki elve
- Ogmante Kredi Timoun Empire State (ESCC) pou enkli timounki poko gen kat ane, ki pral bay 179 milyon dola nan sipò total pou plis pase 525,000 kontribyab ki gen revni ba ak mwayen lè yo kouvri prèske 630,000 timoun anplis.
- Ogmante aksè benefisè asistans piblik yo ak edikasyon ak opòtinite fòmasyon nan elimine egzijans pou edikasyon dwe konbine avèk lòt aktivite apre 12 mwa nan edikasyon apre segondè.
- Diminisyon "falèz avantaj" asistans piblik nan neglije revni benefisyè yo touche atravè pwogram fòmasyon mendèv ak pandan sis mwa apre yo antre nan travay, elimine yon baryè kle nan patisipasyon mendèv la pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo.
- Kreye Pwogram Youth Jobs Connector (Konekte Travay pou Jèn yo) pral bay sipò edikatif solid ak fòmasyon travay bay jèn moun ki p ap travay ak sila yo ki pa gen ase travay ki gen laj 16 a 24 ane epi prepare yo pou mache travay la.
- Sekirize mezi klimatik k ap mennen nan nasyon an, ki gen ladan dekarbonizasyon building yo, yon chemen pou lavni nan kad yon pwogram limit ak investisman abòdab, ak avanse devlopman enèji renouvlab, ki gen ladan dispozisyon pou pwoteksyon travay ak akò travay pou pwojè yo
- Bay 400 milyon dola pou bay soulajman pou Nouyòkè k ap fè fas ak bòdwo elektrik ki wo epi tou pou diminye fado enèji gras ak elektrifikasyon ak modènizasyon yo.

Sam Capitano, Prezidan Local 210 Travayè yo, te deklare, "Pa twonpe tèt ou: ogmantasyon nan salè minimòm lan se yon bon zafè pou travayè New York yo, sa k ap

amelyore nivo vi yo epi kreye mobilite asandan. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li bay Nouyòkè k ap travay di yo ak fanmi yo priyorite. Pa te janm gen yon pi gwo defansè pou travayè ak travayè gason ak fanm nan eta sa a pase Gouvènè Hochul, epi mwen espere kolabore avèk li ak lòt pati konsène kle yo pou sipòte inisyativ sa yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418